

Gid pou paran sou sa ki dwe gen nan sak lekòl pitit li

Estanda pou on baz komen:

LANG ANGLE AK MATEMATIK

Nan ane 2010, Konsèy Administrasyon Lekòl nan eta Nouyòk apwouve Estanda pou on baz komen (Common Core State Standards) (CCSS) pou li asire li tout timoun gen siksè lè yo fin diplome nan lekòl segondè. Gid sa a fèt pou ede ou konprann ki jan estanda yo kapab afekte pitit ou a, ki chanjman ou pral wè ak ki sa ou kapab fè lakay ou pou ede pitit ou travay byen lekòl.

Pou ki sa Estanda pou on baz komen yo enpòtan?

Estanda pou on baz komen yo enpòtan paske l ap ede tout timoun – kèlkanswa moun yo ye – pou y aprann menm bagay. Objektif yo klè sou sa pitit ou dwe konnen ak sa yo dwe kapab fè nan domèn kle tankou: **li, ekri, pale ak koute, langaj ak matematik**. Si ou konnen ki sa objektif yo ye, ou kapab travay ak pwofesè a pou ou ede pitit ou prepare l.

LANG ANGLE

Estanda pou on baz komen yo fè plizyè chanjman enpòtan parapò ak estanda ki gen avan an. Yo rele chanjman sa yo modifikasyon. Nan tablo ki anba a, yo montre ki sa ki chanje, sa ou ap jwenn nan sak lekòl pitit ou ak ki sa ou kapab fè pou ou ede pitit ou. Si ou pa wè modifikasyon sa yo nan devwa yo bay pitit ou, pale ak pwofesè l.

Ki sa ki chanje?	Ki sa ki dwe gen nan sak lekòl pitit ou?	Ki sa ou ka fè?
<ul style="list-style-type: none"> Pitit ou pral li plis liv ki pa liv fiksyon nan chak nivo. 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si pitit ou a gen plis devwa lekti ki baze sou evènman lavi reyèl tankou biyografi, atik ak evènman istorik. 	<ul style="list-style-type: none"> Li liv ki pa liv fiksyon ak timoun yo. Fè de fason pou lekti a amizan ak enteresan.
<ul style="list-style-type: none"> Lè pitit ou li plis tèks ki pa tèks fiksyon, sa ap ede li apran kichòy sou lemon nan lekti sa yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si timoun yo vini lakay yo ak plis liv ki baze sou reyalyte lemonn. Pa egzanp, elèv 1ye ane oswa elèv jadendanfan kapab li liv Clyde Robert Bulla a ki rele <i>A Tree is a Plant</i>. Liv sa a pèmèt elèv yo li yon tèks syantifik epi devlope konesans nan syans. 	<ul style="list-style-type: none"> Chèche konnen ki liv ki pa liv fiksyon ki apwopriye pou nivo timoun lan epi asire ou pitit ou a rive jwenn liv sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> Timoun yo pral mete plis atansyon nan li tèks ki pi difisil. Konsa, y ap konprann sa yo li a epi y ap kapab fè pwòp konklizyon yo, 	<ul style="list-style-type: none"> Timoun yo ap gen devwa lekti ak devwa redaksyon pou yo rakonte pati enpòtan nan yon istwa oswa yon liv. Y ap gen pou y ekri sou pati sa yo tou. Pa egzanp, yo kapab mande elèv 2yèm oswa 3yèm ane pou li awotwva liv Faith D'Aluisio a ki pa yon liv fiksyon ki rele <i>What the World Eats</i> epi rakonte sa ki pase nan istwa a. 	<ul style="list-style-type: none"> Bay timoun yo tèks pi difisil pou yo li. Montre yo kòman pou yo apwofondi analiz yo sou pati ki difisil yo.
<ul style="list-style-type: none"> Lè timoun yo ekri oswa rakonte yon istwa, y ap bay "evidans" yo jwenn nan tèks la pou kore sa yap di a. 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si timoun yo gen devwa alekri ki mande pou yo sèvi ak egzanp yo jwenn nan tèks la kòm evidans. Evidans vle di egzanp timoun lan pran nan liv la pou li kore yon repons oubyen yon konklizyon. Sa a diferan de kesyon yo te konn poze avan kote yo te konn mande elèv yo pou yo bay opinyon yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Mande pitit ou pou li bay evidans evidans nan kòmantè osnon diskisyon ou ap fè avè l.
<ul style="list-style-type: none"> Timoun yo pral apran kòman pou yo ekri sou lekti yo fè. 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si pitit ou gen devwa ki mande pou l bay evidans lè l ap prezante yon agiman alekri. Pou elèv 4yèm ak 5yèm ane sa ka vle di pou elèv yo li <i>The Kid's Guide to Money</i>, ki pa yon liv fiksyon Steve Otfinoski ekri. Y ap gen pou ekri sou liv sa a tou. 	<ul style="list-style-type: none"> Enkouraje timoun yo ekri lè yo lakay yo. Sèvi ak evidans, ak detay n ap ekri ansanm.
<ul style="list-style-type: none"> Pitit ou ap vin gen yon vokabilè akademik pi devlope. 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si timoun yo gen devwa ki devlope vokabilè yo epi ki anseye yo "langaj se pouvwa." 	<ul style="list-style-type: none"> Li souvan pou tibebe, timoun tou piti, timoun nan laj preskolè ak timoun an jeneral.

MATEMATIK

Nou chanje estanda yo pou nou ede elèv yo aprann pi byen lekòl. Nou rele chanjman sa yo modifikasyon. Nan tablo ki anba a, yo montre ki sa ki chanje, sa ou ap jwenn nan sak lekòl pitit ou ak ki sa ou kapab fè pou ou ede pitit ou. Si ou pa wè modifikasyon sa yo nan devwa yo bay pitit ou, pale ak pwofesè l.

Ki sa ki chanje?	Ki sa ki dwe gen nan sak lekòl pitit ou?	Ki sa ou ka fè?
<ul style="list-style-type: none"> Pitit ou ap aprann <u>plis bagay sou mwens kantite sijè</u>. Sa ap ede elèv yo konprann sijè yo pi byen. (mwens egal plis) 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si gen devwa ki mande elèv yo pou yo montre travay yo fè a epi pou y esplike kouman yo rive jwenn repons yo jwenn lan. 	<ul style="list-style-type: none"> Konnen ki konsèp ki enpòtan nan nivo pitit ou a epi travay sou konsèp sa yo ak li.
<ul style="list-style-type: none"> <u>Chak ane, pitit ou a ap aprann yon bagay ki baze sou sa l te aprann deja.</u> 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si yo gen devwa ki baze sou sa yo te etidye avan. Pa egzanp, elèv yo ap etidye adisyon, soustraksyon, multiplikasyon ak divizyon. Lè yo fin metrize konsèp sa yo, yo pral konsantre sou fraksyon. Apre sa, yo pral etidye aljèb. Ou dwe ka wè pwogresyon nan sijè y ap etidye yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Konnen nan ki sa pitit ou te gen pwoblèm ane pase epi ba l sipò nan sijè kote li te gen difil kite yo.
<ul style="list-style-type: none"> Pitit ou ap pase tan <u>nan etidye ak nan sonje done matematik.</u> 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si gen devwa ki mande pou pitit ou a metrize done matematik tankou gwoupman adisyon jiska 20 oubyen tab multiplikasyon. 	<ul style="list-style-type: none"> Ankouraje pitit ou pou li konprann ak sonje done esansyèl matematik. Mande pitit ou pou li “rezoud pwoblèm matematik” li rankontre nan lavi a.
<ul style="list-style-type: none"> Timoun yo ap <u>konprann pou ki sa demach matematik la mache e y ap mande yo pou yo esplike sa yo konprann epi pou yo pwouve sa yo konprann lan.</u> 	<ul style="list-style-type: none"> Timoun yo ka gen devwa ki mande yo pou yo montre oswa pou yo esplike rezonman matematik yo – pou yo DI pou ki sa yo panse repons yo an se repons ki kòrèk la. 	<ul style="list-style-type: none"> Pale ak timoun yo sou devwa matematik yo epi mande yo pou yo montre ou konsèp yo fin aprann yo. Ede yo jwenn mwayen pou yo esplike rezonman yo.
<ul style="list-style-type: none"> Y ap mande pitit ou pou li sèvi ak <u>matematik nan sityasyon li rankontre nan lavi a.</u> 	<ul style="list-style-type: none"> Veye pou wè si gen devwa matematik ki baze sou sityasyon lavi a. Pa egzanp, yon devwa pou elèv 5yèm ane gendwa se adisyon fraksyon pou fè yon reset oubyen pou chèche konnen ki kantite pidza chak zanmi manje. 	<ul style="list-style-type: none"> Bay timoun lan tan chak jou pou l travay sou nosyon matematik lakay li.

KI JAN POU PALE AK PWOSESÈ PITIT OU

Lè ou ap pale ak pwofesè pitit ou, eseye konsantre sou sa ki pi enpòtan pou pitit ou a. Sa vle di mande pwofesè a kouman timoun lan ap travay lekòl parapò ak estanda ki pou nivo klas li a ak objektif ki pou nivo sa a.

Anplis, mande pou wè yon echantyon travay pitit ou a. Konpare echantyon travay pitit ou a ak echantyon travay ki nan sit sa a: <http://www.engageny.org/resource/new-york-state-common-core-sample-questions>. Si ou vle, pote echantyon sa yo montre pwofesè pitit ou a epi mande pwofesè a pou li esplike ou kouman li sèvi ak echantyon sa yo nan klas li.

Enfòmasyon sa yo ap pèmèt ou fè sèten ajisteman lakay ou ki ka ede pitit ou gen siksè nan klas li.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, al nan sit: www.engageny.org oubyen kontakte direktè lekòl pitit ou a oubyen sipèntandan ki anchaj lekòl pitit ou a.